

KESYON KOURAMMAN KI KON POZE SOU SUJÈ TRANSPÒTASYON ETUDYAN YO

K. Ki kote ke Biro Administrativ Transpòtasyon an Lokalize-l?

R. Adrès fizik la se nan 1430 Hwy 60 East in Bartow. Nou localize nou nan intèsasyon rout principal 60 ak Hwy 17 nan Bartow, Florida.

K. Mwen ap viv mwens ke 2 mil distans de lekòl pitit mwen an eske li elijib pou -l jwen transpòtasyon?

R. Pa lalwa Eta Florid la founi transpòtasyon bay a etudyan ki habite 2 ou plus mil de distans a lekòl la. Biro Administrasyon Depatman Edukasyon Nan Zone Polk I; a pa bay transpòtasyon a okin etudyan ki habite a pwoximativ de mile de distans a lekòl la. Excepsyon fèt selman pou etudyan ki kalifye anba dangere pyeton ki defini kom nan Florida Stati 1006.23. Nan bu de detèmine gnon mache a pye ki sofgade, Règleman Leta pa exige mache sou trotwa. Vwasinay ki antoure lekòl nan Poinciana pa kalifye pou Stati 1006.23 pou mache dangere sa ak tout etudyan sa yo pap kap transpòte yo.

K. Ki jan mwen kap detèmine distans de plas residansyel a lekòl ke pitit mwen ye ya?

R. Distans sa mezire pa utilizasyon gnon aparèy infòmatrik ki mezire distans .Distans la mezire kom preskri pa Biro Edukasyon Nan Eta selon règleman 6A-3.001(3) ki declare: "Gnon distans rezonab mache a pye pou ninpot ki etudyan ki pa elijib pou recevwa transpòtasyon pouswivan nan seksyon 236.083, Florida Stati, si distans la pa plus ke 2 mile ant lekòl e mezon epi ½ ou demi mil ant mezon ak etasyon otobis. Gnon tel distans sa doue mesire pa gnon pwen pieton ki rete pi prè pwopriyete lekòl la ou etudyan ki reside tout prè lekòl la ou byen asiye a gnon stasyon bis tou prè-li. Pwen antre pieton an de residans li doue nan pwopriyete prive ki rankontre avèk dwa chemin publik. Distrik la doue detèmine chemin pi kout pyeton si la aksesib a sikulasyon trafik machin.

K. Kòman yo detèmine lokasyon pou stasyon otobus?

R. Stasyon otobus li localize kòm gnon fonksyon de sekurite ,logistik vwazinag, Règleman ak transpòtasyon declare, epi kondisyon de transpòtasyon. Nou ap eseye localize aret otobus la tel ke pou sèvi bezwen tout vwazynaje la pou lot ane kap vini. Yo pakapab localize kom gnon fonksyon de kovenans pèsone ou plan. Règleman Leta exige sa, kanpratik, nou plase stasyon bis pa plus ke 1.5 mile de residans de gnon etudyan. Règleman Leta pa exige ke stasyon sa plase sou trotwa nan detèminasyon plasman gnon stasyon otobus aret. Manda Lalwa Florid di ke nou pa doue plase aret stasyon otobus pa pi prè ke 300 pye de youn a lot ak konsidere ak swen tout kondisyon de sikulasyon avan ke -n mete gnon aret otobus. Chofè otobus yo pa gin otorite pou kreye oubyen efase stasyon aret otobus.

K. Ki moun ki ka otorize pou change arèt stasyon otobus?

R. Kom aret otobus sa plase kom gnon foksyon de sekurite ak règleman, selman pèsone Supèvisyon Transpòtasyon kapab fè changeman sa a lokasyon arèt sa. Min chofè otobus yo pa kapab adisyone ou change arèt stasyon otobus.

K. Ki jan mwen ka fè konnen ki otobus ke pitit mwen ap pran roulib?

R. Silvouplè bay gnon ti kol a lekòl pitit ou wa frekante ya. Transpòtasyon Depatman relache infòmasyon routine a lekòl yo kan rapid rout yo fini. Si ke lekòl pitit ou ale ya pa gin infòmasyon sa yo, sa vle di ke rout la panko pre pou relacheman publik. Silvouple cheke lekòl la ankò nan gnon dat pita. Depatman transpòtasyon an pap founi wou infòmasyon sou rout ki pa ankò relache bay lekòl la.

- K.** *Eske pitit mwen an ka mennin zanmi li nan otobus la? Eske yo kap pran roulib ansan nan demin matin?*
- R.** No. Nou ankourage Leta Florida fomule subvansyon pou maximize efikasite otobus lekòl nou nou yo. Sa signifye ranpli chak chèze nan otobus la kouri ak etudyan ki elijib yo. Nou pakap pèmet okin lot etudyan moute nan bus la si li pa asiyen pou li pran roulib ladan li kom konvenans. An plus nou pa gin okin chèz pou lot adisyonel pasajè, ak tout nou pa gin okin done pou etudyan an ka gnon aksidan.
- K.** *Pitit mwen manke bus la. Eske mwen kap swiv bus la nan machin mwen epi pèmet pitit mwen an moute bus la nan gnon lot arèt?*
- R.** Si pitit mwen an ta manke bus la, pou rezon de sekurite, pa tante fann deryè bus la ou pa pase, ou bloke bus la pandan li sou rout li. Si li posib, pran diferan wout pou gintan rive nan arèt bus pi devan epi kite pitit ou wa moute bus la la. Kan ou nan machin ou deryè gnon otobus lekòl li reeleman dangere pou gnon timoun tante kouri tou prèt bus la pou li al moute li. A travè tout nasyon an anpil etudyan kon mouri tombe devan woue deryè machin nan an patan apre ke timoun nan vole nan machin paran li pou-l ka kouri al moute otobus lekòl la.
- K.** *Pitit mwen an ki nan Jadin danfans doue akonpagne nan estasyon arèt otobus la. Ki sa mwen ta doue fet si-w ta gin gnon ka urjans epi mwen pa kap notifie -w ou epi pou -w ta rankontre pitit ou?*
- R.** Arangement doue fet pou rankontre ak pitit ou wa. Sèvis transpòtasyon ap tante mwayen pou li kap mennin pitit ou retounen nan stasyon aret otobus kote li te moute li ya ba ou .si pa gin okin moun la pou pran pitit ou wa, nap minnen li retounen nan lekòl li ya .Transportation Services will attempt to deliver the student to the regular bus stop. If no one is there to meet the child, we will return the child to the school. Twa fwa tante mou ki desiyen pou pran timoun jadin denfans nan stasyon bus pa prezan kom rezulta la pèdi privilèj pou -l pran woulib nan bus lekòl la.
- K.** *Gnon moun di mwen ke bus la te anreta paske kouri ya te “kouvè.” Ki sa signifi?*
- R.** Kan gin anpil chofè otobus yo ki malad ki pa ka travay pou jou wa epi nou pran chofè ranplasan, nou doue divize tout wout antyèman bus yo kon ale yo an plusyè fason ki rele “kouvri” tout etudyan nan areya doue ale lekòl. Sa sinyifi change chargeman ou a kèk stasyon arèt. Pwocede sa se gnon logistik troublant pou operasyon pèsonele yo ak chofè yo, min se gnon pwocedi necesè desiyen pou asure gnon opòtun (byen ke pafwa ta) arrive/livre pou etudyan yo. Bus anreta li pwoste nan Sit Web intènèt la se nan www.polk-fl.net/transportation.
- K.** *Ki kote -m ka jwen gnon kopi règleman otobus lekòl yo?*
- R.** Gnon kopi de règleman otobus ou kap jwen li nan nan ofis local lekòl. An plus kopi sa yo de règleman nan otobus yo li pwoste nan tout bus lekòl yo epi tout chofè bus yo revize règleman sa yo avèk etudyan yo diran premye senmen lekòl la. Règleman sa yo pwoste tout nan sit intènèt lekòl se nan www.polk-fl.net/transportation. Silvouplè clique sou dokuman sèviabla/Lyen.
- K.** *Si pitit mwen ale nan promenad, eske mem règleman disiplin sa yo aplike?*
- R.** Wi. Otobus lekòl yo konsidere kon gnon extansyon de sal de klas; donk tou règleman sa yo aplike an tout tan.
- K.** *Ki moun ki rekonsab pou rezoud pwoblem disiplin ki rive nan otobus la?*
- R.** Chofè bus la tante pou korige gnon movèz konpòteman min trè souvan li mande gnon intèvansyon de gnon administratè lekòl la. Dirètè nan chak lekòl li rekonsab pou administrer disiplin nan otobus, min cepandan, reponsabilite sa li delegea gnon lot manm ekip pèsonele, tipikman Asistan Direktè ya.
- K.** *Eske gnon chofè otobus lekòl yo kap suspan pitit mwen an pou pa moute bus la?*
- R.** Gnon chofè ka selman refere obsève aksyon gnon etudyan (via gnon referral) a lekòl pitit ou wa pou gnonpwocede du. Biro Administrasyon Lekòl nan Seksyon Polk La gin gnon apwouve de “Kò Règleman Kondwuit” ki gin gnon mach aswiv e ki gin gid de baz administratè komaksyon

discipline ki apwopriye pou chak situasyon a tout nivo. Aministratè lekòl la administer tout aksyon disiplinè.

K. *E si pitit mwen suspan nan bus diran matine? Pitit mwen pran diferan bus diran apre midi. Ki pwocedi li?*

R. Apil etudyan oute diferan bus lekòl nan matin ak nan apre midi. Men cepandan, kan gnon etudyan suspan pou-l pa monte bus sa vle di li an suspansyon de tout bus lekòl yo.

K. *Eske gnon chofè ou transpòtasyon ofisyel ka change gnon jujeman disiplinè?*

R. Non, odians disiplin yo eksklisiveman fèt epi decide a nivo lekòl la. Pandan ke transpòtasyon apwopriye ak oubyen manm pèsonek lekòl tre souvan rele pou-l ale tètifye ou klarifye pòlesi, jujeman disiplin final se instruman de Direktè ak oubyen Administratè Superyè Diektè de Sèvis Espesyalize Nan Biro Administrasyon Nan seksyon Polk La.

K. *Si ke bus la ginyen gnon video kamera ,eske paran kapab wè kaset la?*

R. Non, pa gin okin paran ki gin dwa wè kaset video de bus lekòl la anregistreman sa se gnon zouti adisyonek pou administratè ak ofisyel transpòtasyon utilize pou echantyon pou "total anvironman de bus la". Sèvis depatman legal nous se konseye sa ki doue a etudyan yo "Konfidansyalite" an kesyon, paran pa gin dwa pou gade kast video anregistreman.

K. *Mwen ta renmin pale avèk chofè otobus pitit mwen an konsènan de gnon pwoblèm ki te pase nan bus la ? Eske mwen kap rankontre avèk chofè ya nan estasyon arèt otobus la?*

R. Si-w ta renmin pale avèk gnon chofè de pitit ou wa, silvouplè pa aproche chofè ya nan statasyon bus. Gnon chofè otobus li anba gnon plan de orè travay trè sevè. Sekurite aksogag, chofè ak etudyan pasajè nou yo se youn nan pi gran inkietud nan estasyon bus nou yo. Kèk paran yo trè emosyonel, fache, epi tante pou moute nan bus la. Paran pa gin okin pèmision pou moute nan otobus lekòl la ke si selman li jwen otorizasyon pou -l fè sa. Gnon paran ki decide pou-l moute nan otobus lekòl, ignore avètisman chofè ya ba li, li sujè a arestasyon ak pèsekusyon anba lalwa. Pou pale avèk gnon chofè, silvouplè kontakte lekòl ke pitit ou wa ye epi mande pou gnon konferans avèk chofè ya. Silvouplè founi limewo bus la ak ou non chofè ya si li posib. Lekòl la va trè kontan pou -l koòdone avèk Sèvis de Soutyen epi monte gnon konferans. Li trè inpòtan pou-w konpran ke chofè otobus yo selman disponib pou konferans ant 9:00 AM ak 12:00 PM, Lendi-Vandredi.

K. *Pouki sa mwen doue ranpli kat infòmasyon epi bay chofè ya li? Eske lekòl la pa gin infòmasyon sa yo deja?*

R. Li absoliman inperatif ke chofè ya ginyin infòmasyon kontak urjans trè resan sa yo. Li trè necesè an ka aksidan, urjans medical ou kèk lot bagay ke pitit ou wa ta inplike nan yo ki ta mande prezans imediat Paran /Gadyen.

K. *Pouki sa gin lot "pèsonek andan" sou kèk nan otobus nou yo?*

R. Kom founisè pa Leta Florid, pèsonek andan bus la li paye pa Pwogram Edukasyon Espesyal pou etudyan ki gin ka dezabilite (ESE) se nan bus sa yo selman ou ka wè moun sa yo. Moun sa yo la pou asiste etudyan ki gin gnon trè gran bezwen espesyal, fizikal, medikal, etc. pèsonek sa yo, yo pa bay yo pou bus ki tranpote etudyan klas regulye yo.

K. *Pitit mwen an sou gnon chèz woulan epi frin nan chèz sa pa travay. Eske -l ka transpòte?*

R. Non. Gnon chèz ki kase ou otreman chèz woulant ki pa kap opere ou lot espesyalite etudyan asistans aparè kraze pa ansekurite transpòte etudyan. Tout ekipman de soutyen pou etudyan yo doue antyèman nan bon eta kan otobus ap abake etudyan an.

Pou plus ransègneman konsènan transpòtasyon lekòl silvouplè vizite sou sit intènet sa nan:

<http://www.polk-fl.net/transportation>